ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№42 (22.700) ● 2014 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 5, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

●Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Илъэси 150-м зыхуагъэхьэзыр

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Юрий иджыблагъэ иригъэблэгъащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ Мухьэмэд. ЗэІущІэм хэтащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ Фырэ Руслан.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм зэфІигъэкІ лэжьыгъэм. Апхуэдэуи и гугъу ящІащ Сочэ щекІуэкІа Олимп Джэгухэм теухуауэ «Адыгэ псалъэ» (КъБР), «Адыгэ макъ» (АР), «Черкес хэку» (КъШР), «Шапсугия» (Краснодар край) газетхэм зэгъэусу къыдагъэкІа номер зэгуэтым.

Сочэ щекІуэжа Щымахуэ Олимпиадэм КъБР-м щыщ куэд зэрыкІуар (абыхэм яхэтащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Жыласэ Заурбэч, сурэттех Къарей Элинэ, къэрал Іуэхущ Іапі Іэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я ІыкІуэхэр), Кавказ Ищхьэрэм щыІэ хэгъэгуфІыкІ и лъэпкъ пІлиэнэхэмрэ «Адыгэ унэмрэ» екІуу къыдэхэтащІэу икІи ахэр щыху кІуапІэу зэрыщытар и гуапэу къыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

Апхуэдэу накъыгъэм и 21-м адыгэхэм я щыгъуэ махуэр республикэм зэрыщагъэкІуэкІыным, абы зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ лэжьыпхъэхэри къыщаІэтащ зэІущІэм. ХьэфыщІэ Мухьэмэд республикэм и тхьэмадэм и пащхьэ ирипхьащ а махуэм теухуауэ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм ирагъэкІуэкІыну Іуэхугъуэ 29-р къыщыгъэлъэгъуа тхыльыр. Кавказ зауэр зэриухэр ильэси 150-рэ зэрырикъум теухуауэ къыдэгъэпэщыну Іуэхугъуэхэм КъБР-м Щэнхабзэмкі и министерствэм, ДАХ-м, КъАХ-м я кІуару зы ящу зыхуагъэхьэзырыныр нэхъ тэмэму зэрыщытыныр кІыхигъэщащ Фырэ Руслан. А Іуэхум теухуауэ КІуэкІуэ Юрийрэ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ дяпэкІэ мызэ-мытІэу зэхуэзэнущ.

Кавказ зауэр зэриухрэ ильэси 150-рэ щрикъум теуху фэеплъ дауэдапщэкэ зэрагъэхьэзырыныр зэрыгагъэкІуэкІыныр КІыхьэгъэпэщакІуэ комитетыр гъатхэпэ мазэм и етІуанэ Іыхьэм тепсэлъыхьынущ.

ХЬЭТУ Барэсбий.

●АПК

Зэгурыіуэныгъэхэр зэхуаІэщ

Къэбэрдей-Балькъэрым и мэкъумэщыщІэхэм гъатхэгубгъуэ лэжьыгъэхэм зэхуэдгъэхьэзыр. КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкІэ и министерствэм гъавэ щІэныр зыкІапхъэхэмкІэ и кІуадэм пэублэу зэрыщыжаІамкІэ, мы гъэм гъатхэсэр гектар мин 225-м щрагъэкІуэкІынущ. Ар нэгъабрэйм процент 4,7-кІэ щІегъу.

КъЭКІЫГЪЭ пасэхэмрэ джэшхэкІэмрэ гектар мини 135-рэ, сэхураныи - мин 22,5-рэ, кІэртІофым - мин 13, хадэхэкІхэм гектар мин 17 хуэхапыи я мурадщ.

Іусыпхэ къэкІыгъэхэр гектар мин 31,2-м щыхасэнущ. Іэщым щынэу ирагъэшъуэ бжьыхьэсэхэмрэ ильэс куэдкІэ къэзІуэдзэрэ хэту, нэгъабэ ельытауэ, мэкъупІэхэм процент 68-кІэ хэхьуэнущ икІи гектар мин 37-м щІигъунущ.

Республикэм и ІэвэрэгъэкІэхэр къэкІыгъэ пасэхэм я жылапхъэхэмкІэ зэхуэрокъу. Абы елэжь хозяйствэхэм, Урысейм и щыналъэхэм папщІэ, нартыху гибрид жылапхъэу тонн мини 9-м щІигъу ягъэхьэзыращ. Гектар мин 67,2-м щызэрахьэ бжьыхьэсэ къэкІыгъэхэм я щытыкІэм Іэщіагъэлъэхэр арэзы тохьэу.

Минерал щІыгъэншэру тонн мин 55-рэ къагъэсэбэпынущ. Абы щыщу тонн мин 13-мкІэ бжьыхьэсэхэр ягъэпэрэнущ, тонн мин 42-р къэкІыгъэ пасэхэм хухахынущ. Республикэм и мэкъумэщ Іуэхущ Іапі Іэхэм минерал щІыгъэпщэрхэмрэ къэкІыгъэхэм зэрелэжьыну хущъхьуэхэмрэ кьезытыну предприятэхэм зэгурыІуэныгъэхэр иращІылащ.

САМЧЕНКЭ Светланэ.

●Электросетэр

Мэлыжьыхьым и 1 пщІондэ

«Кавказ Ищхьэрэм и щыналъэхэм электрокъарур ятезыгуашэ компанием» и О Къэбэрдей-Балькъэр кьудамэм мыгъэрей уафэгъуагъуэ уэшхэм зыхуегъэхьэзыр. Энергетикэм кІапсэхэм, токышхуэм зэрыхуэсакъ подстанцэм хэт зрагъэш Іэмэпсымэхэм, хуэныгъэхэм, жыг щхьэкІэхэм, кьыджахэм я щытыкІэр, электролинэхэр зэрызблэкІыр кьаншыгъэ. Токыр зэрызэхуагъакІуэ Іэмалым ельынущ, фарфор щхьэтепІэхэр, кІапсэхэр зэрызэпадзэ гъунщ ІыпшІэхэр, зэрыльыпІэхэр вольт льагэм зэрыхуэхьзырыр ягъэунэхунущ. Сокъат щІэхэр, ныкьусаныгъэхэр кьызэрагъэтту, икІущІыпІэкІэ ягъэзэкІуэж.

УАФЭГЪУАГЪУЭ уэшхым щызыхьуэмэ тросхэр здэщымыІэ щІыпІэхэм щыукъуэдия уэгу кІапсэхэм я щытыкІэри егупъуу къэпщІу. Энергетикэм пкъохэм екІуалІэ тросхэр монтаж ящІынущ, жьы хьуа изоляторхэр, электрокъарур мардэм кьызыгъэтІасэ пкъыгъэхэр яхъуэжынущ, абыхэм я щхьэфэр ягъэкъэбзэнщ, трансформатор пунктхэм, кІапсэ гуэшыпІэхэм, киловатти 6-10 зэкІуалІэ пэх пкъоэхэм уафэгъуагъуэ уэшхым щызыхьуэмэ Іэмэпсымэхэр ирикъуу трагъэувэнущ.

Зэрауфыхьуам тетУ, мэлыжьыхьым и 1 пщІондэ зи мыч ізу егъэджныгъэр зыгъэзэныгъэр ирагъэКІуэкІынущ. КьищынэмыщІауэ, Къэбэрдей-Балькъэрым гидрометеорологиемрэ дыкъэзыуухьуреихь дунейм кІэлъыплъымкІэ и центрым уафэгъуагъуэ уэшхыр нэхъ щыІэтэу кьилъытэ щІыпІэхэм хуэзэ подстанцэмрэ ток кІапсэхэмрэ апхуэдэ щытыкІэхэм зэрыщагъэІэтыр игъэзнэхунущ икІи зэпкърихынущ.

«Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и щыналъэ кьудамэм мазитІ дэкІи щыІэнкІэ Іуэхуну уафэгъуагъуэ уэшхэм пасэу зыхуегъэхьэзыр. Абы и фІыгъэкІэ, тек Іэмэпсымэхэр тэмэму лэжьэнущ, щызэпыу къэмыхьуу, Щыхухэмрэ Іуэхущ Іапі Іэхэмрэ электрокъарур зэпІэзэрыту яІэрыльынущ.

«Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

●Къэбэрдей-Балькъэр

Стадионым зыщеплъыхь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіэлъышэ Аслъэнджэрий «Зэныбжьэгъуэр» стадионым и уэуэныгъэр зэрекІуэкІым щыгъуазэ зищІащ.***

ТХЬЭКІУЫШІНЭ Аслъэнджэрий ирагъэпэгъуащ спорт уэхуэнигъэм и Іыкъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу теннис джэгуплэр. Іэтащхьэм реконструкцэ лэжьыгъэм щыгъуазэ зищІащ. Трибунэ ІъабжьэІ пэшхэм къуэкІыпІэ ІэпщэрыбанэхэмкІэ, атлетикэ хьэпъэмкІэ, футболымкІэ самбий-спорт школхэр, адаптивнэ физкультурэмкІэ центр къыщыщэІуэхьнущ.

Адыгейм Физкультурэмрэ спортымкІэ и комитетым къызэриты кІэ, спорт уэхуэнигъэр зыхуэкІуэзэзэным сом мелуан 730-м щІигъу трагъэкІуэдащ. Абы щыщу процент 73-р федеральнэ, 23-р республикэ бюджетхэм кьаэхэщащ. КъэкІуэнум ищхьэрэ лъэныкъуэ трибунэр мыгувэу яухуэну я мурадщ. Абы сом мелуан 280-р ихьынущ.

Абхъазыбзэм хурагъаджэ

АБХЪАЗ. ***Республикэм Хамэ къэрал Іуэхуэмкіэ и министерствэм дипломатхэм папщІэ абхъазыбзэмкіэ курсхэр къыщыхэІуахащ.***

КЪЭРАЛЫБЗЭР Іуэхум, дипломат лэжьыгъэм къыщыгъэсэбэпыныр нэхъри ирагъэфІакІуэну гукъыдэж зиІэхэм папщІэ курсхэр гъатхэпэм и 3-м эзохаблащ. Ар ирегъэкІуэкІ Адыгейм и къэрал университетым абхъазыбзэмкІэ и кафедрэм и егъэджакІуэ Кварчелиа ФатІимэ.

Апхуэдэуи министерствэм и лэжьакІуэхэм испаныбзэр яджыну Іэмал ягъуэтащ. Лэжьэгъуэ зэманыр ирихьа нэужь ар ирегъэкІуэкІ егъэджакІуэ Айбэ Алинэ.

Щы кІапэ хухах

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм и Іэтащхьэ Темрезов Рашид сабийщ е нэхъыбэ щапІ унагъуэхэу щы кІапэ хухахыну къэлъэІуэхэм участкэхэр зэрыратым тхІийуэ кІэлъыплъыну правительствэм унафэ хуищІащ.***

ТЕМРЕЗОВ Рашид а щы кІапэхэр инженер инфраструктурэхэмкІэ къызэгъэпэщыным трагъэкІуэдэну мылъкур муниципалитетхэм я бюджетым къыщагъэльэгъуэну пщэрыльэ ящищІащ. Іэтащхьэм къыхигъэщащ къэрал дэпкъыныгъэм теухуауэ лажьэ федеральнэ, щыналъэ программэхэм щыхухэр нэхъ убгъуауэ щыгъуазэ щІын зэрыхуейр.

УЭРДОКЪУЭ Жэня.

●Хунтыныгъэхэр

Гулъытэ хуэныкъуэхэр

Налшык щыІэ Иджырей гуманитар академием (СГА) щекІуэкІащ сабий ныкъуэдыкъуэхэм, зеиншэхэм я хунтыныгъэхэр хьумэныныкІэ, ахэр зыхуей хуэгъэзэныныкІэ, гъащІэм хэпшэныныкІэ лэжьыпхъэхэм ятеухуа урысейпсо видеоконференц. Абы кьрихьэлІащ Іэнатіэ зэныбжьыгъуэхэм пэрытхэр, зэгухэныныгъэ щхьэхуэхэм хэтхэр.

КОНФЕРЕНЦЫР щІыпсэхыьа Іуэхугъуэхэм, хэкІыпІэхэм, кьаГъэсэбэп Іэмалхэм теухуауэ кьэпсэлъащ УФ-м и Къэрал Думэм и Унафэщ Іым и къуэдзэ **Шведовэ Людмилэ.**

- КъэтІэта Іуэхум теухуауэ мыр ди епІлапэ урысейпсо зэхуэсщ. Гу лыботэ кьрихьэлІэхэм, кІэльыпІъхэм я бжьыгъэр нэхъри зэрыхэхъуэм. Миннистерствэхэм я ІыкІуэхэр, депутатхэр, Іуэхущ Іапі Іэ зэмылІэужьыгъуэхэм я Іэжьакіуэхэр конференцым кьохІуэлІэ. Нобэ дыз зкІуэувэу хэкІыпІэ кьыщыгъэхьэхуэн хуей зэманщ, - жиІащ Шведовэм. - Сыт адэ-анэхэм я бынхэр щыхьыбІадзэр? Іэщыбэ ящІа сабий ныкъуэдыкъуэхэр зыхуей хуэдизкІэ папщІэ сыт дІэжьыпхъэхэр? Унагъуэхэм сыткІэ защІэдгъэкъуэфыну, я сабий ныкъуэдыкъуэхэр щыхьыбІадзэм щытыкІэ имыуВэн папщІэ? Дауэ дадэІэпльыкІуну сабий ныкъуэдыкъуэхэр зыпІыну къэзыщта унагъуэхэм? Мы упщІэхэр ди пащхьэ кьоуэм.

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм хьыбар зэрыдигъэщІамкІэ, Урысейм и сабий пэхэм ныкъуэдыкъуэу щыкІу мин 14,5-рэ щаІыгъщ. Апхуэдэхэм унагъуэ егъэгъуэтыныр хуабжьу гугъущ.

Сабий ныкьуэдыкъуэхэри хуейщ псэуну, абыхэми гъащІэм и Іэфіагъ зыхегъэщІэн хуейщ. Апхуэдэ щыкІуэри зэрыхьуа унагъуэр и закъуэ гугъуехьхэм кьахуэбгъанэ хъунукьым. Ахэр хуэныкьуэщ психологхэм, уэчылхэм я дэІэпыкъуныгъэ. Кьудэр кьоуэ адэм, зэрыува щытыкІэр хуэмыгъэкъаруэ, и щхьэр унагъуэм щыхих. Сабийр зи Іэблэм тесу кьэна анэм и Іуэхур псэзэпылъхьэпІэ мэхъу. И гугъуехьым зэрыпІэпъэщым мылъку хурикъуркьым, хущхьуэ лъапІэхэр кьыщэхуну хуэгъэкъаруркьым. Сабий ныкьуэдыкъуэ зыпІ унагъуэхэм етыпхъуэ щедицинэ, егъэджэныгъэ, социальнэ дэІэпыкъуныгъэхэр. Кьэралыр щІэгъэкъуэн мыхьумэ, абы нэгъуэщІ зэкІыпІэ кьыхуэгъэтыркьым. Иужьрей зэманым а Іуэхум гулъытэщхуэ зэкІыпІэ кьыхуэгъэтыркьым. Иужьрей зэманым а Іуэхум гулъытэщхуэ хуещІ кьэралым, мылъку хъарзынэ хуеутІыпщ. УщымыгуфІыкІыу кьанэркьым 2012 гъэм ельытауэ 2013-м сабий зеиншэхэм я бжьыгъэр кьэралым нэхъ мащІэ зэрыщыхьуам. Хамэ кьэралхэм я щыхуэхэм ахэр зрашэлІэнри ягъэкІащІухьащ.

Мылъку кьудейкІэ зэфІэкІыркьым гулъытэрп. Ныкьуэдыкъуэхэм я псэм уеІэзэнри мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Абы зэпымыуэу зыхищІэн хуейщ гуапагъэрэ хуабагъэрэ. Унагъуэм лъытэ гулъытэм ельытащ апхуэдэ щыкІуэ и узынщагъэр.

КьыхэзгъэщІну сыхуейт ныкьуэдыкъуэхэм Іуэхугъуэ кьудэм хуэІэзэхэр кьаззэрыхэкІыр, макъамэтх, сурэтыщІ Іэзэхэри яхэтщ.

УФ-м Лъжьыгъэмрэ социальнэ къыщІхьэщыжьыныгъэмкІэ и министерствэм Демографие политикэмрэ щІыхуБэм псэукІэ и лъэныкъуэкІэ къащхьэщыжьынымкІэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэ **Пугачевэ Еленэ** къыхигъэщащ къэралым ныбжьыщІэ ныкьуэдыкьуэхэм дэІэпыкъуныгъэ хъарзынэ ярит хьуа пэтми, куэд дыдэ сабий унэхэм щыпсэун хуей зэрыхъур. Абы къызэриІытыгъэкІэ, псом ящхьэр а Іуэху зэІуменбзым узэрыпэщэтын Іэмалхэр кьэрэгъуэтырыщ. Ягъэрауэ, сабий ныкьуэдыкъуэхэр щыпсэу унэхэр кьызыхуэтынщэу кьызэгъэпщын хуейуэ кьызэолъытэ», - жиІащ абы.

- Ныкьуэдыкъуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ Узышащагъэр хьумэныныкІэ министерствэм проект хъарзынэ къызэригъэпэщащ. Гъэ къэс а Іуэхугъуэм къэралым сом мелуан 850-рэ кьыхуеуГІыпщ. Дохутырхэр иджыпсту ягъэхьэзыр программэщІэ зызыукьакІэ. КьаръхуагьащІэхэм я хирургием, неонотальнэ скринингым, аудиологическэ скринингым хъарзынэу зиужьащ, - жиІащ УФ-м Узышащагъэр хьумэныныкІэ министерствэм Сабийхэм медицинэ дэІэпыкъуныгъэ етыныкІэ и департаментым и унафэщІ, педиатр **Бабанинэ Еленэ.**

Сабий ныкьуэдыкъуэхэм я Іуэхум иригъэзакъэм кьаХуэсэбэпын куэд щызэхахащ конференцым. Щыхум гущІэгъу хэльыну кьыхуезыдЖэ псалъэмакъым иджыри куэдрэ кьытраГъэзэнущ. Узытемыпсэлъыхь Іуэхур кІуатэркьым.

ГУГЪУЭТ Зарем.

●Къэрал Іуэхущ Іапі Іэхэм

Дунейм щыкъыбархэр

Хуит ящІами...

УФ-м Федерацэмкі и Советым хэтхэм зэдзэрэзыуэ Ів яІэтащ Украинэм жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэтес щІыпІэ папщІэ, хуей хьумэ, урысейдзэр кьигъэсэбэныну Урысейм и Президент Путин Владимир хуит щІыным теухуауэ.

«Урысейдзэр нэгъэущІ щІыналъэм ирипэным сенаторхэр арэзы зэрытехъуам кьикІыркьым а хуитныгъэр Президентым икІэщІыпІэкІэ кьигъэсэбэныну», - жиІащ УФ-м нэгъэущІ къэрал Іуэхуэхэмкі и министрым и къуэдзэ Карасин Григорий.

Путин Владимир и пресс-секретарь Песковми зэрыжиІамкІэ, абы теухуа унафэ щыІэкьым.

ПІасхъэщІэхъэм ятрыуэн щымыІэмэ

Тырку парламентым щытопсэлъыхь. Лъэпкъ пІасхъэщІэх Іуэхущ Іапі Іэм кьигъэсэбэн Іэмалхэр ихьыбэ щІыным теухуа законопроектым.

А хабзэр кьащтэмэ, тырку пІасхъэщІэхэр хуит хьунущ я къэралми изгъэущ щІыналъэхэми цІыхухэм щэхуу, кьапэрыуэ щымыІэу щакІэ Іэлъыплъыну. А проектымкІэ мыарэзыхэр мащІэкъым. Псом хуэмыдэу цІыхухэр зыгъэгубжьыр террорист хьэгъэщагъэхэм хэту щэч зыхуащІхэм я телефон псалъэмакъэм кІэщІэдэІухьыну хуит зыщІ, а щэхурылажьэ Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьыгъэр зыхуэдэр кьызыпщытэнур правительствэм и унафэщІ Эрдоган Таийп Реджеп и закъуэу къэзыльытэну статьяхэхэр. Пэжщ, парт зыбжанэ зэгухьэри, правительствэм и унафэщІым апхуэдэ хуитныгъэхэр хьумэныкІэ зэтыным теухуа статьяр хагъэкІыжащ проектым.

«А хабзэр зэрыщыту пхыкІмэ, Тыркур демократие къэралигъуэу къэплытэ хьужыныкъым, - жаІэ щІыхум и хуитныгъэхэр хьумэныкІэ зэгъэныгъэм хэтхэм. - ЦІыхухэр шынэу, дзыхьмыщІу къэзнэщ. ПщІэнукъым ПІасхъэщІэхъэм ягу къызэробгъэнур - итІанэ уз зыбухеижьныкІэ пльэкІыни щыІэкъым».

НОБЭ

■1953 гъэм Сталин (Джугашвили) Иосиф дунейм ехыжащ.

■1970 гъэм ядернэ Іэщэм земыгъэубгъуныкІэ ЗэгурыІуэныгъэм кьару игъэуэтащ.

■Адыгэхэм куэдрэ ятетхьха тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ **Фелицын Евгений** къызэралъхурэ илъэси 166-рэ ирокъу.

■Полковник, жылагъуэ лэжьакІуэ, Израилым щыІэ Рихьание адыгэ къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Гъыш Самир** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

■Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩІДАА-м и академик **Бэвыжь Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

■Къэрал лэжьакІуэ, Чукотскэ автоном округым и унафэщІ **Копин Роман** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэрэ техьэ-текІэу щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ зэзэх кьыщецхъунущ. Хуабэр мазэм градусри 3 - 7, жэщым градусри 4 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬКІЭМЫХЬУ Мариэт.**

Лъэпкъ Іуэщыгъэ:

Уи лъэпкъым хэпльти, уи джатэ къих.

Паралимп мафІэм поплъэ

«Сочэ-2014» Паралимп мафІэ зэІэпахыр мазаем и 26-м щыщІэдзауэ махуэ кьэс Урысейм и федеральнэ округхэм ящыщ зым и къалэ зыбжанэм зэуэ щокІуэкІ.

ИНГУШЫМ и къалащхьэ Магас гъатхэпэм и 4-м ар щыІащ. МафІэр зезыхьахэм яхэтащ Къэбэрдей-Балькъэрым и лІыкІуэхэри. Ахэр ныкьуэдыкъуэхэм я Налшык къалэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ ЩІакІуэныкьуэ Хьэчим, зи уэзышагъэм ныкьусаныгъэ гуэрхэр яІэхэу шашхэхэмкІэ республикэ, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм щытекІуа Ульбашевэ Хьэлимэт, муниципальнэ бюджет егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі Іэм атлетикэ псынщІэмкІэ олимп резервхэр щагъэхъэзыр и сабий-ныбжьыщІ спорт школым и тренер-егъэджакІуэ Родионов Викторие, бэнэкІэ хуитымрэ дзюдомкІэ спортым и мастер Гуэщокьуэ Зубер, Крем-Константиновкэ кьуэжэм дэт «Сабий унэ» егъэджныгъэмкІэ къэрал кІэзэнэ Іуэхущ Іапі Іэм и гъэсэн, шахматхэмкІэ республикэ, урысейпсо зэпеуэхэм щытекІуа Худаевэ-Соловьевэ Сабинэ сымэщ.

«Паралимп мафІэр пыгъэнэныр гум кьынэж, кьытегъаэз зимыІэ Іуэхугъуэ телыджкэщ. Ди лІыкІуэхэм яГъуэтэ дэрэжьгъуэр, гушхуэныгъэр пхужмыІуэтэнщ, - кьыджІащ Къэбэрдей-Балькъэрым икІа гупым я унафэщІ Анаев Аслъэн.

Эстафетэр нобэ Краснодар нэсащ. Ар нухьнущ махуэ зэхьыхьэкІэ. КьыкІэлыкІуэу Сочэ и ут нэхьыщхьэм зихуэдэ щымыІэ Іуэхугъуэ щекІуэкІынущ - Урысейм и федеральнэ щІыналъэу 8-м щыпагъэна мафІэр зы ящынущ. МафІэ зэІэпахыр кьалэм кІуэщІрахынущ икІи гъатхэпэм и 7-м Паралимп джэгуэхэр «Фишт» стадионым кьыщыІэ Іуэхкіэ абыкІэ фальэшхуэр пагъэнэнущ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Синэ.

Урысейм и журналист пажэхэр

●Тхьлъыщ Іэ

Ди къэралым и щыхэр Москва иджыблагъэ къыщыдэкІащ тхыль гъэщІэгъуэн икІи купщІафІэ, «Урысейм и журналистхэр. XX-XXI» фІэщыгъэр зиІэ, щІэнгъуазэ пэлъытэу уху а къыдэкІыгъуэр «Журналист» тхыль тедзапІэм дунейм къытригъэхьащ. УФ-м Печатымрэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ и агентствэм диГъэщІ.

«УРЫСЕЙМ и журналистхэр. XX-XXI лІэщІыгъуэхэр» тхылым хуэдэ ящыІэ ятІэ дыдэу къыдагъэкІыу арами. Абы ихуащ лІэщІыгъуэ блэкІам, апхуэдэуи иджырей лъэхъэнэм журналистикэм лъэужь купщІафІэ къыщызыгъэна, ноби псэ хьэдэлу абы хэлъэжьыхь ІэщІагъэлІэхэм ятеуху тхыгъэ кІэщІхэр. Абыхэм яхэтщ журналистикэм епха Іэнатіэ зэмылІэужьыгъуэхэм, зэгухэныгъэхэм я упафэщІхэр, УФ-м и федеральнэ, республикэ, край, область, район газетхэм, электрон кьыдэкІыгъуэхэм я редактор нэхъыщхьэхэр, абыхэм я кьудамэхэм я унафэщІхэр, корреспондентхэр, къэралым и еджапІэ нэхъыщхьэхэм журналистикэмкІэ я факультетхэм щылажьэхэр, нэгъэущІхэри.

Ди гуапэ зэрыхъущ, Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ журналист цІэрыІуэхэм ящыщ куэдми я цІэхэр къыщыгъэльэгъуащ тхылым. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, Алэкъсей Хьэталий, АфІэунэ Раисэ, Бей Сэлисэт, БжэныкІэ Мухьэб, Болаэт Арсен, Джэдгъэф Борис, Мэрем Задин, КхъуэІуфэ Хьэчим, Куумахуэ Мухьэдин, Тхьэзэпль Хьэсэн, Гъурф Бэлэ, Кьэзанщ Людмилэ, МахуэлІ Хъэдэт, Мыз Ахьмэд, Кьардэн Мухьэмэд, Кьанькъуэ Зариной, нэгъэущІхэри.

Ди анэдэлъхубзэмкІэ кьыдэкІ газет закъуэм, «Адыгэ псалъэм», и редакцэм и лэжьакІуэхэри кьыщыгъэльэгъуащ «Урысейм и журналистхэр. XX-XXI» тхылым. Абыхэм ящыщщ «Адыгэ псалъэм» и редактор нэхъыщхьэ ХьэфыщІэ Мухьэмэд, абы и къуэдзэхэу Ширдий Маринэ, ЖьэкІэмыхъу Маринэ, Жыласэ Заурбэч, жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, газетхэм и ветеранхэу Бекъан Чыланий, Брай Адэлбий, Кэрмокъуэхэр Мухьэмэдрэ Хьэмидэ, дзэкъакІуэ нэхъыщхьэу Тэнащ Амитолэ, Шал Мухьэмэд, кьудамэхэм я унафэщІхэу Хьэжыкъарэ Алик, Уэрдокъуэ Женя, Льостэн Муэ, Жыласэ Маритэ, ЩІхэпэщмащІ Иэз, НэщІэпыджэ Замирэ, Истэпан Залинэ, нэгъэущІхэри.

Тхыльыр гъэхъэзырным, дунейм кьытегъэхьэным елэжьа Редакционнэ советым хэтхэм зэрыжаІамкІэ, абы, дауи, ихуакъым льэпкъ журналистикэм и зыужьныгъэм хэльхьэныгъэ хуэзыщІ ІэщіагъэлІ псори. Проектым пыщІа кьэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр ящыри йокІуэкІ. Хузбгъэфащэ зэрыхъуныкІэ, кьэкІуэну зэманым тхылым нэгъэущІ кьыдэкІыгъуэхэри кьыкІэльыкІуэнущ.

КЪАРДЭН Мариэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цIыху гуп щхьэхуэхэм псэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ трагъэкIуадэр хуапшыныжьи папщIэ мазэ кьэс ахьшэ зэрыхуахьым теухуа Хабзэм зэхьэокIыныгъэ хлъхьэным и Iуэхугъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 11-м *№10-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэу цIыху гуп щхьэхуэхэм псэупIэмрэ коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ трагъэкIуадэр хуапшыныжьи папщIэ мазэ кьэс ахьшэ зэрыхуахьым теухуа Хабзэм зэхьэокIыныгъэ хлъхьэным и Iуэхугъэ Унафэ №14-ПП-мкIэ кьыщтам, зэхьэокIыныгъэ хлъхьэн икIи абы и пункт 15-р мы кьыкIэлыкIуэм хуэдэу кьхьыи:

«15. Мазэ кьэс зэрыдэIэпыкъу ахьшэр мы Хабзэм и пункт 10-м кьыщыгъэгъуэ документхэр зыта цIыхум хуэхэм икIи а ахьшэр лъэIу тхылъыр щыIахьам кьыкIэлыкIуэ мазэм и яп махуэм щегъэжьауэ, ауэ а ахьшэр кьеIахьанымкIэ хуитныныгъ щагъэтам нэхър мынэхъ пасэу, льготэр зэрагъэуба пIалъэр нухьиу ират.».

2. Мы Унафэм кьару егъэут официальнэу кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIа ноужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ХРАМОВ Константин

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2014 гъэм мазаем и 27-м *№ 81-рп*

«Псыр кьэгъэсэбэпынымрэ хьумэнымрэ екъэIа щIыналъэ программэ хэхахэм я зэпеуэ зэрыраГъэкIуэкI Хабзэр кьэщтэным и Iуэхугъэ» Урысей Федерацэм ЩIыуэпсым и хьугъэуфIыгъуэхэмрэ экологическIэ и министерствэм 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 27-м кьыдигъэкIа Унафэ № 219-м ипкъ иткIэ:

«2012 - 2020 гъэм Урысей Федерацэм и псы хозяйствэм зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхар гъэзэщIэным хуэгъэзауэ Урысей Федерацэм ЩIыуэпсым и хьугъэуфIыгъуэхэмрэ экологическIэ и министерствэм Псы ресурсхэмкIэ федеральнэ агентствэм ядэлажьэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и правительствэ и уполномоченнэ гъэзэщIакIуэ органу хэхьи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ХРАМОВ Константин

● Коллегиехэр

Къэрал Iуэхутхьэбзэхэр ирагъэфIакIуэ

Къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ министерствэу КъБР-м щыIэм и коллегием и зэIущIэм Iэнатэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэфIихьыр егъэфIакIуэным щыхэплъащ. Абы кьрихьэлIащ министерствэм, полицэм и щIыналъэ къудамэхэм я унафэщIхэр, зэдэлажьэ республикэм и кьулыкъухэмрэ ведомствэхэмрэ я Iэтащхьэхэр.

КъБР-м щыIэ МВД-м хьыбар технологическэмкIэ, зэпыщIэныгъэмрэ хьыбархэр хьумэнымкIэ и центрым и унафэщI, къэрал кIуэцI кьулыкъым и майор **Полевик Евгений** зытепсэлъыхьи Iуэхугъуэм теухуауэ я лэжьыгъэ кьэрикIуахэм кьыдзэхуэсхэр щыгъуэзэщIащ. Абы кьыдзэрыхигъащмкIэ, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэнымкIэ Iуэхугъуэхэр 2013 гъэм Урысей Федерацэм и Президентым кьыдигъэкIа унафэхэр гъэзэщIэным Урысей МВД-м Полицэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр министерствэм и Iуэхущапэ 57-м щызэфIах. Ахэр зыхуей хэзгъэзэным 2013 - 2014 гъэхэм ятещIыхьауэ мыгъэ мыгъэ хуэхахащ, унэтlащI 253-рэ, оргтехникэу 400-м щигъу, зэпыщIэныгъэ Iэмэпсымэу 142-рэ кьащхэуащ.

КъБР-м щыIэ МВД-м и унафэм ипкъ иткIи, къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэфIэзых Iэнатlэхэм Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэ щытыкIэм, закъыхуэзыгъэза зы щыхум хуэзэным зэманэу трагъэкIуадэр, чэзум пэпIэным ихьри зэхатьхьэж. ИджыкIэ план-графикым щыгъэувам хуокIуэ икIи а зэманыр дакьикъ 12-щ зэрыхъур.

А псоми кьадэкIуэу, Полевик Евгений кьыхигъэщащ къэрал Iуэхутхьэбзэхэр щыхуэхэм электрон щытыкIэм ягу иIэрыкьэным нэхьри зегъэубгъун зэрыхуейр. Ильэс кIуам зэфIагъэкIа Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу Къэрал IуэхутхьэбзэхэмкIэ зыуэ щыт портальмкIэ Iэрагъэльар процент 0,4-рэщ зэрыхъур.

Электронэу захуэзыгъазэхэр зэрымащIэм и щхьэусыгъуэщ щыхуэхэм порталым зыщыгъасытхьан зэрыхуейр. Абыхэм я нэхъыбэр, псом хуэмыдэу кьуажьэдэсхэм, апхуэдэ техникэ Iэмал иIэкъым, ящыныкъуэхэм къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ органхэм я щхьэкIэ зыхуагъазэмэ нэхъ кьащтэ.

Къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ министр, КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант **Васильев Сергей** Урысей Президентым пщэрыльэ кьащищIахэр Iэмал имыIэу гъэзэщIэн зэрыхуейм гу лъагирэтащ.

Зи сэбэп зыхэль кьулыкъухэмрэ Iэнатlэхэмрэ я унафэщIхэм щыхуэхэм къэрал Iуэхутхьэбзэхэр зэрызэщIэр ирагъэфIакIуэну кьаIэн ящищIащ, Зэ́ущIэм къэрал кIуэцI IуэхуэхмкIэ органхэм я лэжьыгъэм хуэунэтIа нэгъуэщI Iуэхутхьэкъэ щыхэплъащ.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жануэ.

Адыгэ газетхэм зэгъуэгу кьыдагъэкIа номерым щытепсэлъыхь зэIущIэ Черкесск щокIуэкI. Абы хэтщ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым печатымкIэ и кьудамэм и унафэщI Мэщыбкъуэ Тэхал, «Iенин гъэзэгу» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Дэбагъуэ Мухьэмэдэр Мэзыхъэ Борисрэ. *1990 гъэ*

● «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэс 90 ирокъу

Пщlэ зыхуэсщI Ануар Ахьмэт и кьуэ!

Пщlэ зыхуэсщI Алексей Иван и кьуэ!

Жылагъуэ палатэм хэтхэу, хьэщIэхэу пщlэ зыхуэсещIх!

Иджыпстэ Урысейм щыIэ кьалэн нэхьыщхьэхэм ящыщу граждан жылагъуэмрэ къэрал властым и органхэмрэ тэмэму зэрыгъэдэлажьэну Iэмалхэр зэтетхъуэвэнщ, цIыхубэм я Iуэху епльыкIэр кьэльитауэ, социальнэ, экономикэ, кьинэмыщI кьалэнхэр щыубзыхуэ унафэхэр гъэкъэзыныщ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэльэгъуащ демократием и иджырей лъхьэхэмэ политикэ лэжьыгъэр Правительствэм тымышIа зэгъуэныгъэхэр зэмыгу, абыхэм я Iуэху епльыкIэр зэкьэльитауэ, экономикэ, кьинэмыщI кьалэнхэр щыубзыхуэ унафэхэр гъэкъэзыныщ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэльэгъуащ демократием и иджырей лъхьэхэмэ политикэ лэжьыгъэр Правительствэм тымышIа зэгъуэныгъэхэр зэмыгу, абыхэм я Iуэху епльыкIэр кьэльитауэ, социальнэ, экономикэ, кьинэмыщI кьалэнхэр щыубзыхуэ унафэхэр зэрыгъэзэжьыр. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэльэгъуащ демократием и иджырей лъхьэхэмэ политикэ лэжьыгъэр Правительствэм тымышIа зэгъуэныгъэхэр зэмыгу, абыхэм я Iуэху епльыкIэр кьэльитауэ, социальнэ, экономикэ, кьинэмыщI кьалэнхэр щыубзыхуэ унафэхэр зэрыгъэзэжьыр.

«15. Мазэ кьэс зэрыдэIэпыкъу ахьшэр мы Хабзэм и пункт 10-м кьыщыгъэгъуэ документхэр зыта цIыхум хуэхэм икIи а ахьшэр лъэIу тхылъыр щыIахьам кьыкIэлыкIуэ мазэм и яп махуэм щегъэжьауэ, ауэ а ахьшэр кьеIахьанымкIэ хуитныныгъ щагъэтам нэхър мынэхъ пасэу, льготэр зэрагъэуба пIалъэр нухьиу ират.».

2. Мы Унафэм кьару егъэут официальнэу кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуипщI дэкIа ноужь.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ ХРАМОВ Константин

Ди бжэр псоми яхуэзэIухащ

«2013 гъэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иригъэкIуэкIа лэжьыгъэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и жылагъуэ щыкIэмрэ я Iуэхугъэ» республикэм и Жылагъуэ палатэм и етIуанэ хэхыгъуэм и етхуанэ пленар зэIущIэм Тау Пщыкъан кьыщипсэлъар

Псоми я Iуэхугъэ щыкIэмрэ я Iуэхугъэ щыкIэмрэ я Iуэхугъэ щыкIэмрэ

Беппаев МутIалип и зэфIэкI

Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтымديнепсо щlэныгъэ конференц щекlуэкlащ, «Тхыдэ фэепль» епщыкlутхуанэ Iуащхьэмахуэ еджэныгъэхэм хьылъэу. Зэхьыхьэр теухуауэ щытащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ, ткажlуэ, Кашгарский Махьмуд и цlэкlэ игъэуба дунейпсо саугъэтым и лауреат, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Беппаев МутIалип и ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрыримкъум.

ФИГУ къэдгъэкIыжьищи, Урысей Федерацэм 2014 гъэр щэнхабзэм и илъэсу зэригъэувам хьыхьэу республикэм къыщыззрагъэпэщ Iуэху дахэхэм яцIыщ зыщ мы зэхьыхьэр. Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтымрэ УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ зэдащlэ Iуэхущ. Зэкlуэщlэр къызэIуихащ институтым и ректор, гъуэзджэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Рахаев Анатолэ.**

Зэхьыхьэм къыщыпсэльащ философие щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихь**, КъБР-м цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хьумэнымкlэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, «Алан» къэрэшей-балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Беппаев Суфян**, лэжьыгъэм и ветеран **Отаров Хъэлид**, КъБР-м и цIыхубэ усакlуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля**, Налшык къалэм и школ №5-м и егъэджакlуэ **Абаевэ Сэкинат**, Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Iьэпкъ библиотекэм и лэжьакlуэ **Махиевэ Азизэ**, филологие щlэныгъэхэм я кандидат **Тюбеевэ Светланэ,** усакlуэ, «Iюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мусукаевэ Сэкинат,** филологие щlэныгъэхэм я доктор **Мусукаев Борис,** филологие щlэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIыхь зиlэ и егъэджакlуэ **Джангуразов Лиэ,** усакlуэхэу **Табаксоев Мухьтаррэ Додуев Аскэррэ,** философие щlэныгъэхэм я кандидат **Бозиевэ Гульфия**, журналистхэу **Кульбаев Алий**, **Кучинаев Аннуар, Конаков Хьэсэн**, суэрэтыщI **Баккуев Владимир**, нэгъэщlэкIэри.

Жlалэхэм нэхъыщхьэу кIыхьэтхаращи, Беппаевыр щIыхьэм ягу дыхьэ усакlуэщ, зэдзэкlакlуэ Iэрэщ, драматургщ, урысыбзэкlи балъкъэрыбзэкlи матхэ. Зэкlуэщlэм къызэрыхэщамкlэ, Беппаевым и усэхэм жылагъуэр зыгъэгузавэ Iуэхуэхэр гъыбжьэ хуэхьуащ, гъащlэм подлежи, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, щэнхабзэ хьугъуэфыгъуэр, хабзэр хъумэн зэрыхуейр кIыхоущ, иджыблагъэ итха «Звездная колыбель» пьесэм къытращыкlа спектаклыр Тыркум и Эскишехир кьалэм щагъэхьэзыр. Апхуэдэуи жlаIащ МутIалип республикэм исхэм щlэ къызэрыхуащIыр, езыри щIыхьэм гуапэу зэрахущытыр, абы лъэпкъ зэхэгъэж зэрримыщIыр.

РАЕН-м и академик, физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Абашев Магомет** «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэхьыгъэдзкlэ щIыхь тхыльыр Беппаев МутIалип иритащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.


Суэрэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтымديнепсо щlэныгъэ конференц щекlуэкlащ. «Тхыдэ фэепль» епщыкIутхуанэ Iуащхьэмахуэ еджэныгъэхэм хьылъэу. Зэхьыхьэр теухуауэ щытащ КъБР-м щэнхабзэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ, ткажlуэ, Кашгарский Махьмуд и цlэкlэ игъэуба дунейпсо саугъэтым и лауреат, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ Беппаев МутIалип и ныбжьыр илъэс 65-рэ зэрыримкъум.

ФИГУ къэдгъэкIыжьищи, Урысей Федерацэм 2014 гъэр щэнхабзэм и илъэсу зэригъэувам хьыхьэу республикэм къыщыззрагъэпэщ Iуэху дахэхэм яцIыщ зыщ мы зэхьыхьэр. Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтымрэ УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ зэдащlэ Iуэхущ. Зэкlуэщlэр къызэIуихащ институтым и ректор, гъуэзджэ щlэныгъэхэм я доктор, профессор **Рахаев Анатолэ.**

Зэхьыхьэм къыщыпсэльащ философие щlэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихь**, КъБР-м цIыхухэм я хуитыныгъэхэр хьумэнымкlэ и уполномоченнэ **Зумакулов Борис**, «Алан» къэрэшей-балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Беппаев Суфян**, лэжьыгъэм и ветеран **Отаров Хъэлид**, КъБР-м и цIыхубэ усакlуэ, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Зумакуловэ Танзиля**, Налшык къалэм и школ №5-м и егъэджакlуэ **Абаевэ Сэкинат**, Мэлбахьуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Iьэпкъ библиотекэм и лэжьакlуэ **Махиевэ Азизэ**, филологие щlэныгъэхэм я кандидат **Тюбеевэ Светланэ,** усакlуэ, «Iюр» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мусукаевэ Сэкинат,** филологие щlэныгъэхэм я доктор **Мусукаев Борис,** филологие щlэныгъэхэм я кандидат, КъБР-м щIыхь зиlэ и егъэджакlуэ **Джангуразов Лиэ,** усакlуэхэу **Табаксоев Мухьтаррэ Додуев Аскэррэ,** философие щlэныгъэхэм я кандидат **Бозиевэ Гульфия**, журналистхэу **Кульбаев Алий**, **Кучинаев Аннуар, Конаков Хьэсэн**, суэрэтыщI **Баккуев Владимир**, нэгъэщlэкIэри.

Жlалэхэм нэхъыщхьэу кIыхьэтхаращи, Беппаевыр щIыхьэм ягу дыхьэ усакlуэщ, зэдзэкlакlуэ Iэрэщ, драматургщ, урысыбзэкlи балъкъэрыбзэкlи матхэ. Зэкlуэщlэм къызэрыхэщамкlэ, Беппаевым и усэхэм жылагъуэр зыгъэгузавэ Iуэхуэхэр гъыбжьэ хуэхьуащ, гъащlэм подлежи, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр, щэнхабзэ хьугъуэфыгъуэр, хабзэр хъумэн зэрыхуейр кIыхоущ, иджыблагъэ итха «Звездная колыбель» пьесэм къытращыкlа спектаклыр Тыркум и Эскишехир кьалэм щагъэхьэзыр. Апхуэдэуи жlаIащ МутIалип республикэм исхэм щlэ къызэрыхуащIыр, езыри щIыхьэм гуапэу зэрахущытыр, абы лъэпкъ зэхэгъэж зэрримыщIыр.

РАЕН-м и академик, физико-математикэ щlэныгъэхэм я доктор, КъБР-м щlэныгъэхэмкlэ щIыхь зиlэ и лэжьакlуэ **Абашев Магомет** «Алан» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэхьыгъэдзкlэ щIыхь тхыльыр Беппаев МутIалип иритащ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Суэрэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Сыт гъуазэр?

Ялэ дыдэ къэунэхуа библиотекэу къалъытэр ди зрэм и III лIэщIыгъуэм щыIа Александрийскэраш. Къызэрыкlуэ лъытэмкlэ, абы тхылъу мин 50-м нэс щахьумэрт икIи и хьыбар зыIыгъэса щlэныгъэлIхэр, егъэджакlуэхэр дунейм и щIыпIэ хуэдэм екIуалIэрт. Библиотекэхэм я телIъэкIи, зэхэлъыкlэкIи, я лжьыбгъэкIи захъуэжащ. Техникэр къызэрыуэнохуэрэ, цIыхум абы гъунэтIу зэрыкъэхуащIрэ, ахэр нэщI хъуащ. Дауэ хъуакъи, Мечиевым и цIэр зезыхьэ республикэ щlалэгъуалэ библиотекэр иджыпстуи цIыху щыщlэрэкъым. Абы щыIажьэхэмрэ къекIуалIэхэмрэ захуэдгъэзащ.

Балъкъыз Майе, *щlалэгъуалэ библиотекэм и унафэщI:*

- Ди библиотекэр къызэзыгъэпэщар Тембот Еленэщ, УФ-ми КъБР-ми щIыхь зиlэ я лэжьакlуэ цIэр зезыхьэ бзылъхугъэр жыджэру и Iэнатlэм пэрытащ. Абы дэлэжьарэ и гъэсэнхэм ягъэсэжа защlэрэщ нобэ мыбы щыIэр. Еленэ и щапхъэр ди гъуазэу, абы и лэжьыгъэ щхьэпэм пытщэну дыхэту апхуэдэу докIуэкI. Ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - цIыхум щlэныгъэ яхэтлъхьэну аращи, жьыи щIэи дащогуфIыкI. Псом хуэмыдэу, иджыпсту, техникэм и тетыгъуэ зэманым, гъуэзджэм, тхылъым и пщIэр мащIэу щыхуэхьум. Пэжыр жыпIэмэ, тхылъеджэхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ, ауэ ди библиотекэр зэи нэщI хъуркъым, дэ сытым дежи цIыху къызэретщэлIэным дыхэтщ. ЩIэх-щIэжьыр зэIущIэ гъэщIэгъэнэхэр къэзэдгъэпэщ, щlалэгъуалэр еджагъэшхуэмэ, ткажlуэхэм, суэрэтыщIхэм, яIудогъащIэ.

Бакъей Залинэ, *тхылъеджэ:*

- Сэ мы библиотекэм щIэх-щIэхьыгъэ сыкъэкIуэ, школым кьыдат, дызэджэн хуей литературэм къыщынэмыщIа фантастикэ сфIэфIщ. Псом хуэмыдэу, Стефани Майер и Iэдакъэщlэкlэхэм сыдахьэх.

Библиотекэм и унафэщIым къызэрыхигъэщlмкlэ, къызэгъэдзыкъ Iэхъугъуэ щlалэщ. Псынщlэу зызыужьы техникэм библиотекэм я зэлинэ, зыужьыгъэ.

Балъкъыз Майе:

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, япэм цIыхур къызэрытхуэкIуэ щытам хуэдэу, къыдэкIуэлIэжьрэкъым. Пэжщ, техникэр фIыщ, арыншауэ, цIыхум зиужьынкъым, ауэ ди жагъуэ мэхъу апхуэдизи ильэс бжыгъэкlэ дызэпытелэжьар пщlэнщэ щыхъуи, абы цIыхур щыхуэмеижьым деж. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ, унагъуэм щlэсыр псори тхылъ еджэу, зэщlыгъуэ илъэс зыбжанэ хъуауэ библиотекэм кьекIуалIэ зэрыдилэр. Мис апхуэдизкъым тхылъым и мыхьэкъым я бынхэм пасэу кьрагъэцIыхуну хэтщ икIи кьайхьулIэу къысщохьу.

Алэжьей Иринэ, *абонементым и унафэщI:*

- Сыт хуэдэ тхылъ щхьэкlэ цIыхур къэкIуами, зэи зыри Iэнэщlу щlэдгъэкIыжакъым икIи зэрытхуэзфIэкlкlэ дадоIэпыкъу, зыгуэр ямыгъуэтмэ, къахудолъыхьу. Уеблэмэ зыхуей темэр къахуэдгъуэту, абыкlэ тхылъ зыбжанэ яхуэзэщlэрэщ нобэ мыбы щыIэр. Еленэ и щапхъэр ди гъуазэу, абы и лэжьыгъэ щхьэпэм пытщэну дыхэту апхуэдэу докIуэкI. Ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - цIыхум щlэныгъэ яхэтлъхьэну аращи, жьыи щIэи дащогуфIыкI. Псом хуэмыдэу, иджыпсту, техникэм и тетыгъуэ зэманым, гъуэзджэм, тхылъым и пщIэр мащIэу щыхуэхьум. Пэжыр жыпIэмэ, тхылъеджэхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ, ауэ ди библиотекэр зэи нэщI хъуркъым, дэ сытым дежи цIыху къызэретщэлIэным дыхэтщ. ЩIэх-щIэжьыр зэIущIэ гъэщIэгъэнэхэр къызэдгъэпэщ, щlалэгъуалэр еджагъэшхуэмэ, ткажlуэхэм, суэрэтыщIхэм, яIудогъащIэ.

Бакъей Залинэ, *тхылъеджэ:*

- Сэ мы библиотекэм щIэх-щIэхьыгъэ сыкъэкIуэ, школым кьыдат, дызэджэн хуей литературэм къыщынэмыщIа фантастикэ сфIэфIщ. Псом хуэмыдэу, Стефани Майер и Iэдакъэщlэкlэхэм сыдахьэх.

Библиотекэм и унафэщIым къызэрыхигъэщlмкlэ, къызэгъэдзыкъ Iэхъугъуэ щlалэщ. Псынщlэу зызыужьы техникэм библиотекэм я зэлинэ, зыужьыгъэ.

Балъкъыз Майе:

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, япэм цIыхур къызэрытхуэкIуэ щытам хуэдэу, къыдэкIуэлIэжьрэкъым. Пэжщ, техникэр фIыщ, арыншауэ, цIыхум зиужьынкъым, ауэ ди жагъуэ мэхъу апхуэдизи ильэс бжыгъэкlэ дызэпытелэжьар пщlэнщэ щыхъуи, абы цIыхур щыхуэмеижьым деж. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ, унагъуэм щlэсыр псори тхылъ еджэу, зэщlыгъуэ илъэс зыбжанэ хъуауэ библиотекэм кьекIуалIэ зэрыдилэр. Мис апхуэдизкъым тхылъым и мыхьэкъым я бынхэм пасэу кьрагъэцIыхуну хэтщ икIи кьайхьулIэу къысщохьу.

Алэжьей Иринэ, *абонементым и унафэщI:*

- Сыт хуэдэ тхылъ щхьэкlэ цIыхур къэкIуами, зэи зыри Iэнэщlу щlэдгъэкIыжакъым икIи зэрытхуэзфIэкlкlэ дадоIэпыкъу, зыгуэр ямыгъуэтмэ, къахудолъыхьу. Уеблэмэ зыхуей темэр къахуэдгъуэту, абыкlэ тхылъ зыбжанэ яхуэзэщlэрэщ нобэ мыбы щыIэр. Еленэ и щапхъэр ди гъуазэу, абы и лэжьыгъэ щхьэпэм пытщэну дыхэту апхуэдэу докIуэкI. Ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - цIыхум щlэныгъэ яхэтлъхьэну аращи, жьыи щIэи дащогуфIыкI. Псом хуэмыдэу, иджыпсту, техникэм и тетыгъуэ зэманым, гъуэзджэм, тхылъым и пщIэр мащIэу щыхуэхьум. Пэжыр жыпIэмэ, тхылъеджэхэм я бжыгъэр мащIэ дыдэщ, ауэ ди библиотекэр зэи нэщI хъуркъым, дэ сытым дежи цIыху къызэретщэлIэным дыхэтщ. ЩIэх-щIэжьыр зэIущIэ гъэщIэгъэнэхэр къызэдгъэпэщ, щlалэгъуалэр еджагъэшхуэмэ, ткажlуэхэм, суэрэтыщIхэм, яIудогъащIэ.

Бакъей Залинэ, *тхылъеджэ:*

- Сэ мы библиотекэм щIэх-щIэхьыгъэ сыкъэкIуэ, школым кьыдат, дызэджэн хуей литературэм къыщынэмыщIа фантастикэ сфIэфIщ. Псом хуэмыдэу, Стефани Майер и Iэдакъэщlэкlэхэм сыдахьэх.

Библиотекэм и унафэщIым къызэрыхигъэщlмкlэ, къызэгъэдзыкъ Iэхъугъуэ щlалэщ. Псынщlэу зызыужьы техникэм библиотекэм я зэлинэ, зыужьыгъэ.

Балъкъыз Майе:

- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, япэм цIыхур къызэрытхуэкIуэ щытам хуэдэу, къыдэкIуэлIэжьрэкъым. Пэжщ, техникэр фIыщ, арыншауэ, цIыхум зиужьынкъым, ауэ ди жагъуэ мэхъу апхуэдизи ильэс бжыгъэкlэ дызэпытелэжьар пщlэнщэ щыхъуи, абы цIыхур щыхуэмеижьым деж. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ, унагъуэм щlэсыр псори тхылъ еджэу, зэщlыгъуэ илъэс зыбжанэ хъуауэ библиотекэм кьекIуалIэ зэрыдилэр. Мис апхуэдизкъым тхылъым и мыхьэкъым я бынхэм пасэу кьрагъэцIыхуну хэтщ икIи кьайхьулIэу къысщохьу.

Алэжьей Иринэ, *абонементым и унафэщI:*

- Сыт хуэдэ тхылъ щхьэкlэ цIыхур къэкIуами, зэи зыри Iэнэщlу щlэдгъэкIыжакъым икIи зэрытхуэзфIэкlкlэ дадоIэпыкъу, зыгуэр ямыгъуэтмэ, къахудолъыхьу. Уеблэмэ зыхуей темэр къахуэдгъуэту, абыкlэ тхылъ зыбжанэ яхуэзэщlэрэщ нобэ мыбы щыIэр. Еленэ и щапхъэр ди гъуазэу, абы и лэжьыгъэ щхьэпэм пытщэну дыхэту апхуэдэу докIуэкI. Ди лэжьыгъэ нэхъыщхьэр - цIыхум щlэныгъэ яхэтлъхьэну аращ

Хъыбарыжьхэм я лъагъуэкIэ

● Щэнхабзэ

Хабзэ дахэ хъуауэ, Думэн Мурадин зи унафэщI Эстрадэмкlэ театрым мазэ къэс кьыэрегъэпэщ адыгэ лъэпкьым къыдэгъуэгурыкIуэ макьамэ гъуазджэм ухэзыгъэгъуаз пщыхьэщхьэ дахэхэр. Налшыкдэсхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ уэрэдыжьхэм щIэдзIуну аргуэру театрым и пэшым щызэхуэсат.

ПЩЫХЬЭЩХЬЭМ къэкIуахэм я нэгум гуфIэр кьрихырт, щIэщыгъуэ гуэрым я унэхэм кьыззрыщIишар зэхуаIуатэу ахэр зэхэхуэгуапэт. Дэ дгъэщIагъуэу депльырт зыкърезыгъэхьэлIахэм я нэхьыбэр зэрыщыхухьум. Адыгэ уэрэдыжьхыр абы-хэм я нэхъ щIасэ хьэмэрэ нэгъуэщI щхьэусыгъуэу пIэрэ бзылъхугъэхэр абы кьыщIэмыкIуар?! Тхьэм ищIэнщ.

ХьэщIэщ Iуэху дахэм и кьыз эхъэпэщыкIэ зиIэ эхущIэр кьыз эIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ «Шэджэм псыкьелъхэр» уэрэджыIакIуэ гупым хэт Мулай Алихьан. Абы пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIахэм иригъэцIыхуащ я нэгу зезыгъуэжьыну, зезыгъэгъэпсэхуну макьамэрылажьхэр. Апхуэдэхэт КЬР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, уэрэдус Щомахуэ Хьэсэнбий, Къармэхьэблэ щыщ Iэпыч Алиуас, Бахьсэн районым и уэрэджыIакIуэхэу БатIитIэ Мухьэмэд, Жылау Арсен, Къущхьэ Заур, Щхьэгъуэ Борис сымэ, Бахьсэн кьалэм и джэгуакIуэ Дзэмыхь Юрэ, Къулькьуэкьи щыщ щIалэщIэ Гъуэдэ Исльам, пшынауэ Iуэхэзу Бер Мадинэ, Джэдгъэф ФатIимэ, Теувэжькьуэ Руслан. Хабзэ хъуауэ, пшыхьыр кьызэIуэхьхэм икIи зэхуэзыщIыж шыкIэпшынауэ Еуаз Зуберщ япэу утыкур хуит зыхуащIар.

КьыкIэпльыкIуэу микрофоныр кьищIащ Щомахуэ Хьэсэнбий икIи «Кавказ къуршхэр», «Шауэ Нэкуэр и уэрэдыр» жиIащ, абыхэм лъабжьэ яхуэхъуа хьыбархэмэ щIигъэдзIуащ. БатIитIэ Мухьэмэд кьыхидзащ «Аэзэпц и кьуэ Гущэберд», «Хьэтхым и кьуэ кIас» уэрэдхэр, Iэпыч Алиуас дыщIигъэдзIуащ «Къущхьэ Жамбот и уэрэдымрэ» «ГъащIэгъагъ и гъыбзэмрэ». Пшынауэхэм ягъэзащIхьафэ дахэм и гъусэу хэгъэрейхэмрэ хьэщIэхэмрэ я лъэгу дыщIагъэпльа иужь, уэрэджыIакIуэ щIалэщIэхэмэ я макъ зэхьдагъэхащ.

Пшыхьыр зыльэгъуахэр кьыкIэльыкIуэ зэхьдгъэпсэхуным зэрыпэплъэнум шэч хэлькьым, Iуэхуфlыр зэрызэхаублэрэ зы зэIуэщIи дэдэмыгъэхуахэр мымащIэу зэрахэтыр абы и щыхьэтщ.

ИСТЭПАН Залинэ.



● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Кавказ-бгырыс эскадрон ныкьуэм хэт адыгэ обер-офицер (Анзор Хьэтууэ хуагъэфащэ).
Сурэтыр Шарлемань А. И. *ищIащ. 1864 гъэ*

● Футбол

Топджэгум дихьэххэр ирагъэблагъэ

«Спартак-Налшыкыр» Тыркум кьыгъэрикIыжу топджэгум дихьэхэхм Iущ Iэщуну.

НАЛШЫК дэт «Паллацо Вердиу» концерт щагъэлъагъуэ, нэгу зыщрагъэужь центрым гъатхэпэм и 6-м ди командэм и унафIэщIхэмрэ футболистхэмрэ топджэгум дихьэхэхм щаIущIэнущ. Абы хэт хуейми пщIэ щIимыту щIагъэхьэнущ икIи кьрихьэлIахэм я упщIэхэм жэуап щагъэтынущ.

ЗэIущIэм сыхьэт 19-м щIидзэнущ.

ХЬЭТАУ Исльам.

ЕгъэджакIуэхэр зэпоуэ

КЬБР-м и щыхьэрым и егъэджакIуэхэр фоч гъэуэныкIэ зэпеуащ. Хабзэ хъуауэ, илъэс кьэс ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэм хэтащ егъэджэныгъэ Iэнатlэ зэмылIэужьыкIыгъуэ 33-рэ.

МЫ ГЪЭМ курыт еджапIэхэм жьыджэру кьахэуващ Налшык дэт школ-интернатхэри, мэз еджапIэхэри, экономикэ-правовой лицейри. Зэпеуэм къэкIуахэр гуп-гупу ягуэшащ, командэ кьэс щыхьэнтIрэ зы щыхьхьурэ хэту.

Щхьэзакъуэ зэпеуэхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, щыхубзхэмрэ щыхьхьхэмрэ зэпэщхьэхуэу я зэфIэкI щагъэнтэнрэщ.

Гуп зэпеуэхэм бжьыпэр щиубыдащ СОШ №3-м. ЕтIуанэ увыпIэр курыт еджапIэ №9-м хуагъэфэщащ, ещанэр зэдагъэшащ гимназие №51-мрэ курыт школ №21-мрэ.

Фочауэм хэта сабий гъэсапIэхэмрэ класс щыIэ лэжьыгъэхэмкIэ Iэнатlэхэмрэ я деж ямрэ увыпIэм щытщ сабий гъэсапIэ №56-р. Абы кьыкIэлъокIуэ ГЦДЮТ-р, прогимназие №66-м и кьудамэ №1-р.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэм профсоюз комитетымрэ Налшык кьалэ администрацэмрэ я щыхьэ тхьылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр, тыгъэ лъапIэхэр ираташ.

Комитетым и унафэщI Уэнджыр Татьянэ кьиззрыджиIамкIэ, егъэджакIуэхэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэныбрэ зыщIыхь нэхъыбэ кьиззащIэзыбыдэ спорт лIэужьыгъуэхэм хэхуэ ахэр дегъэхьэхьныбрэ зи кьаIэн нэхъыщхьэу щыт мы зэхьэзэхуэр ильэс еплIанэ хъуауэ ирагъэкIуэкI. Налшык дэт курыт еджапIэ №9-м и спортзалым дагъэнэзу ар кьыщIиззрагъэпэщ. АбыкIэ щыщIэ ин яхуэфащэщ Iуэхур сыткIи кьадэзыIыбгъэ школ унафэщIхэм.

ЕгъэджакIуэхэм я профсоюз комитетым и мурадщ гъатхэпэм гIолыщIхь тенисымкIэ егъэджакIуэхэм я зэпеуэ кьиззригъэпэщыну. Ар щрагъэкIуэкIынур Налшык и сабий стадионырщ.

ЛЪОСТЭН Муэз.

● Тэрч щIынатъэ

Лэжьыгъэ купщIафIэ

Щэнхабзэмкlэ унэхэмрэ клубхэмрэ яхэтащ мы гъэм щыIэ щIымахуэ тхьиным нэсу къахуэзмыгъэпльахэм. Ауэ абы щхьэкIи къэмынэу лэжьыгъэ купщIафIэ кьиззрырахьэлIэным дэтхэнэрэ хуищIэжьащ.

АКЪБАЩ Ищхъэрэ дэт клубым ильэс куэд хъуауэ гупжьей зэмылIужьыгъуэхэр щолажьэ. Псом хуэмыдэу сабийхэр дехьэх зыхуей хуэзэу хореографиемкIэ кьиззрагъэпэща гъэкьэжьым. Уэрэд жьыIэмрэ къэфэнымрэ дихьэх щыкIуэхэр фащэ дахэхэмкIи кьиззгъэпэщащ. АбыкIэ сыт щыгъуи кьадоIэпыкьу адэ-анэхэр. ЩыкIуэхэм яхэтщ кьиззрыфэ фащэхэр зи Iэкlэ екIупсу зыдыфхэри. Апхуэдэ Iэпщ Iэпльапщагъэм и фIыгъэкIэ, артист ныбжьыщIэхэр сыт щыгъуи теплъэ дахэ яIэу утыку кьохьэ.

Гупжьейм хэтхэр зыгъэбжьыфIыр я фащэхэм и закъуэкьым, атIэ концерт программэ гъэщIагъэунэхэмкIи щыкIуэхэр кьыдахьэхыф. АбыкIэ фIыщIэ лей хэфащэщ хореографиемкIэ я унафэщI Багъэтыр Жаннэ. Ар «Терчанка» щIыхуфэ къэфакIуэ ансамблым и солисту зэрыщытар иммыгъэгъуащIу, утыку ихьгъуэ кьэс щIэрыщIагъ зэрыкилъхьэным хущIокъу. Сабийхэм дахащэу ягъэзащIэ «Ислъэмейр», «Хьыджэбз кьафэр». Жаннэ и программэр кьулейщ бальнэ, эстраднэ кьафэхэмкIи.

Щапхъэ ятепх хьуну мэлажьэ Щад Хьэжот зи унафэщI гупжьейри. Ар хэуэнэтIащ жьлагъуэ гъащIэм щIыхум щиубыд увыпIэмрэ нобэ дызыгъэпIейтейхэмрэ. ДК-м апхуэдэу иIэщ Щад Мадинэ зи художественнэ унафэщI зэрэджыIакIуэ ансамбль хъарзынэ.

Мы махуэхэм кьуажэ клубым гъэ блэкIам кьрихьэлIа лэжьыгъэхэр кьыщипщытэжа концерт итащ. Абы жьджэру я зэфIэкI щагъэлъэгъуащ Щэнхабзэмкlэ унэм кьэкIуалIэ кьуажэ сабийхэм.

КЪАРЭКЪЕЙ Людмилэ,
Тэрч районым Щэнхабзэмкlэ и унэм и лэжьакIуэ.

НэхъыфIыр Къардэн Исмэхьилщ

КъБР-м МафIэсым пэщIэтыныкIэ и къэрал кьулыкъум щызэхалъхьажащ «И Iэщ Iагъэмкlэ нэхъыфI» еплъыныгъэ-зэпеуэм Iуахэр.

КЪУЛЫКЪУМ и районэ IэнатIэхэм нэхъыфIу кьищIалъытахэр зыхьэхэ зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр Налшык кьалэ и мафIэсгъэункIыфI часть №1-м щекIуэкIащ.

Зэпеуэм и япэ теорие Iыхьым зэрыбауэ органхэр яхъумэн папщIэ къэгъэсэбэныпхъэхэр, щыIэныгъэ кьемызэгъэ щIыпIэм мафIэсыр зэрыщагъэункIыфIыну щIыкIэм зэрыхащIыкIыр, апхуэдэуи кьулыкъур щрахьэкIкIэ абыхэм зытрагъащIэ дэфтэрхэр кьищагъэхьэгъуащ. ЕтIуанэ Iыхьэм Газымрэ Iугъуэмрэ зыщыхъумэныжьмкIэ кьулыкъур (ГДЭС) езыхьэкIхэм практикэ пщэрыльхэр ягъэзэщIэн хуейт. Къапщтэмэ, зэрыбгуэ органхэр зэрихъумэну Iэмэпсымэхэр зы дакьикъэм хуриубыдэу зэпещытэныр, кьрагъэлым щыIуалъхьэкIэ тIэу зэрыдзэныр. ИкIэм-икIэжым зэрагъэжщыуэ зэпкърылъ пкIэльеймкIэ зыщагъасэ чэщанэм и 3-нэ къат щхьэгъубжэм дэкIуеинныр.

Зэхьэзэхуэм кърикIуахэмкIэ комиссэм хэтхэм текIуахэр яубзыхуащ. «И Iэщ Iагъэмкlэ нэхъыфIу» кьалытащ Дзэлыкъуэхуажэ дэт мафIэсгъэункIыфI часть №9-м щылажьэ Къардэн Исмэхьилщ.

Газымрэ Iугъуэмрэ щыхъумэныжьмкIэ кьулыкъум и кьалэн нэхъыщхьэр: щIыхуэхэмрэ мылъкумрэ кьегъэлыныр; бэуапIэ щумыгъуэт щIыпIэм мафIэсыр кьыщыхутэн икIи щыгъэункIыфIыныр. А кьалэнхэр зрыгъэщIэн папщIэ кьару, психологие я лъэныкъуэкIэ хуэхьэзырыныр кьыдэкIуэу, мафIэсгъэункIыфIкIэм щIэныгъэ хэхэрэ практикэрэ яIэн хуейц. ИпэжьыпIэкIэ абыхэм зегъэужьыныр илъэс кьэс кьулыкъум иригъэкIуэкI зэпеуэхэр зыхуэунэтIар.

БЕКЪУЛ Артур,
КъБР-м МафIэсым пэщIэтыныкIэ и къэрал кьулыкъум и пресс-Iуэхущ Iапl эм и лэжьакIуэ.

● КЪБР-м и прокуратурэм

Илъэситху тратъхьэ

Прохладнэ район судым и унафэкIэ, Саламанов С. ягъэтIысащ. Ар ягъэкьуанщэ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и ящэ Iыхьэм. 228-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм кьыщыгъэтлъэгъуа щIэпхьаджагъэхэр зэрилъэкмкIэ.

СУДЫМ кьызэрихутамкIэ, Саламанов С. 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 21-м гаиным дагъэр гъэм 0,74-рэ игъэхьэзырри, кьытрахыльхнкIэ - щэкIуэгъуэм и 22 пщIондэ - и щхьэм папщIэ я унэм щихьумащ. Нэгъабэ жэпуэгъуэм и 22-м маихуанэу грамми 8,1-рэ хабзэм кьемызэгъыу зыIэригъэхьэри, ищэн Iуэху хэмыту ихьумащ. Нэхъапэ Iуэкlэ, щыщхьэуу мазэм апхуэдэ наркотик щхьухьу грамм 3079,5-рэ хабзэм кьемызэгъыу зыригъэпэщри, щыIэгъэгъэм и 22 пщIондэ я унэм щызэрихьащ.

Прокуроры арэзы дэхъури, судым Саламанов С. кьуанщэу кьиныытащ икIи илъэситхкIэ игъэтIысащ.

Тхылъ хуатх

Прохладнэ кьалэм щыщ щIыхубзым зэрызыхунгъэзам тету, «Электрокъарур зыщэ компание» ОАО-м и Iуэхущафэр хабзэм зэрезгъэгъуа щIыпIэ прокуратурэм кьинщытащ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIэ, унэм кьыщагъэсэбэп токыр зыхуэдизыр зэуIуу зытх Iэмэпсымэм кьингъэпагъуэр, фэтэрхэр зэрыхъум тещIыхьауэ, абыхэм щыпсэухэм трагуашэу кьыщIэкIащ. ЩыIэ зэконодательствэм зэрыщыубзыхуамкIэ, ар зытращIыхьын хуейр фэтэр куэд хъу псэупIэм щIэсхэм метр зэбгъуэзнатIэу яIыгъыр зэрыхьурщ.

Къэпщытэнагъэм кърикIуам ипкъ иткIэ, кьыщIагъэща ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэжыну кьалэн ящIэзыщI тхылъ «Электрокъарур зыщэ компание» ОАО-м и унафэщIым хуатхащ.

Судым щыхэплъэнущ

«КъБР-м гигиенэмрэ эпидемиологиемкIэ и центр» ФБУЗ-м и Iэщагъэлэжьыгъуу, Налшык кьалэ прокуратурэм кьинщыгащ Санитар-эпидемиологие, дыкъэзыухъуреихь дунейр хьумэным техуа законодательствэр автомашинэ тхьэщIыпIэхэм зэрыщагъэзащIэр.

А ЛЭЖЬЫГЪЭР щрагъэкIуэкIым щыхуэхэр щыпсэу Налшык щыпIэхэм СИ 2.2.4/2.1.8.562-96-м кьигъэувхэр кьыщIэзэпауду кьахутащ. Аущэду автомашинэ тхьэщIыпIэхэр псэуатъэхэм хащIыхьауэ кьыщIагъэщащ. Кьабзагъэм тещIыхьауэ абыхэм хуахаа щIыпIэхэр зэрыхъур СанПиН 2.2.1/2.1.1.1200-03-м кьытIасэркъым. УФ-м и Кьалэуху кодексым и 51 - 55-нэ статьяхэр кьиззэпаудри, яухуэну икIи къагъэсэбэпыну хуит зыщI проектхэм емыIалIэу, автомашинэ тхьэщIыпIэхэр хащIыхьащ. КьищынэмыщIауэ, къагъэсэбэпа псыр зыубыд, ар щагъэкъабзэ щIыпIэ хэха яIэкьым, щIы щIагъэ зэхуэхьэсыпIэхэм ягъакIуэ. Аэхри проектынщэу яуухащ.

ФIей щIэхэхэр пIалъэкIэ щызэхуахьэс щIыпIэхэр СанПиН-м кьигъэувхэм езэгъыркъым, уэшхыр хощхэ. Автомашинэ тхьэщIыпIэхэм я кIэрыхубжьэрыхуэхэр учет ящырыкьым, зэрелэжьыжьыпхъэм, зэрахъумапхъэм теухуа зэгурыуIэныгъэхэр, пхьэнкIий идзыпIэхэм яшэну хуит зыщI тхылъхэр яIэкьым. Къагъэсэбэпа псыр кьалэ канализацэм макIуэ.

Къэдгъэльэгъуа ныкъусаныгъэхэр санитар пщагъэхэм кьиптIасэркъым, сыту жьыпIэмэ, автотранспортыр зэратхэщIа псыр тэмэму ямыгъэкьобзэкъуэу уэшхыпсым уэщIа щIэжьыпIэхэм зэрыфIейуэ иольадэ.

Къэпщытэныгъэхэм кьаркIуахэм япкъ иткIэ, языныкъуэ автомашинэ тхьэщIыпIэхэм я лэжьыгъэр хабзэм кьемызэгъыу кьагъэльытэн, абыхэм я Iуэхущафэр кьиззэтрагъэувыIэн папщIэ, УФ-м и ГПК-м и 45-нэ статьям зэрыщыубзыхуам тету, кьалэ прокуроры игъэхьэзыра тхылъхэр Налшык кьалэ судым ираташ.

Къэпщытэныгъэхэм пащэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущ Iапl эр.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

И къуажэгъум йодыгъуэж

Урысей МВД-м Дзэлыкьуэ районымкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм кьэлъыхьуэныгъэхэр щрагъэжьащ. Абы и щыхьэ кьыдыгъуэу щэч зыхуащI Дзэлыкьуэжьмкlэ щыпсэу, ильэс 53-рэ зи ныбжь щыхухьыр.

Бзаджащэр АфIэунэм и цIэр зезыхьэ уэрамым щыпсэу и кьуажэгъум и унэм щыхьэри, сом мин 55-рэ кьыфIидыгъуащ.

«Лейлэ»-пцIыупс

Урысей Федерацэм и МВД-м Налшык кьалэмкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэм гъэпщакIуэ-бзаджащIэр сэтей кьащIащ.

Полицэм и кьалэ Iуэхущ Iапl эм зыкьыхуигъэзащ Балькъэр Ипщэ кьуажэм щыщ щыхубзым. Абы зэрыкиIамкIэ, етIуанэ гуп ныкъуэдыкьуагъэ зиIэ и щыпхъи и щыпхъ и цIэкIэ 2012 гъэм «Лейлэ» щыхубзым гъэпцIагъэкIэ сом 123869-рэ кредиту кьыйихащ.

Полицейхэм кьэльыхьуэныгъэхэр щрагъэжьуэкIым щэнхабзаджащIэр яубзыхуащ. Ар нэхьапэм суд зытращIыхьауэ щыта, ильэс 36-рэ зи ныбжь налшыкдэсырщ. Абы и цIэунэцIэр ихьуэжьыну хунэсащ.

Апхуэдэ щIэпхьаджагъэ илъэжауэ хуагъэфащэу, гъэпцIакIуэр иджыпсту КъБР-м щыIэ УФСИН-м и СИЗО-1-м щаныгащ.

Бахьсэндэсыр яубыд

Республикэм и полицейхэм кьэралым кьыщалъхьыхьу бахьсэндэсыр яубыдащ.

Урысей МВД-м Шэджэм районымкIэ и кьудамэм и лэжьакIуэхэм кьэлъыхьуэныгъэхэр щрагъэжьуэкIым яубыдащ Мэзкуу кьалэм щилэжьа щIэпхьаджагъэм кьыхэжьыу кьэралым щащалъыхьуэ 1990 гъэм кьалъхуа бахьсэндэсыр. Абы щIыпIэр имыбгынэну хуагъэуващ.

Хьыбарыр кьэлъыхьуэныгъэр зи жэрдэм Мэзкуу кьалэм и Кьухьэпlэ-кьуэкIыпIэ административнэ округымкIэ УВД-м Iэрагъэхьащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэр и КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ Iапl эр.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаго Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), **ЖьэкIымыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къудзэз), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщIэныдзэ Замир, Хьэжыкьарэ Алик, Щхьэщмыщ Иэз.**

Къыдэгъэхьэзыр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ираугъэтхащ (учредителхэр).

● ● ●